

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, déskripsi, jeung pedaran dina bab IV sarta nyoko kana tujuan husus panalungtikan, dina ieu panalungtikan téh bisa dicindekkeun tilu hal, nyaéta wangun kalimah, adegan kalimah, jeung patali hati antarklausa kalimah rangkepan dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022.

*Kahiji*, wangun kalimah rangkepan dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022 téh dipasing-pasing dumasar kecap panyambung jeung jumlah klausana. Hasilna, tina 211 kalimah rangkepan téh kapanggih aya 7 wangun kalimah rangkepan, nyaéta kalimah rangkepan ngantét dwiklausa kapanggih aya 49 kalimah, kalimah rangkepan ngantét triklausa kapanggih aya 6 kalimah, kalimah rangkepan sumélér dwiklausa kapanggih aya 184 kalimah, kalimah rangkepan sumélér triklausa kapanggih aya 25 kalimah, kalimah rangkepan sumélér caturklausa kapanggih aya 2 kalimah, kalimah rangkepan campuran ngantét-sumélér triklausa kapanggih aya 8 kalimah, jeung kalimah rangkepan campuran ngantét-sumélér caturklausa kapanggih aya 2 kalimah.

*Kadua*, adegan kalimah rangkepan dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022 téh nyoko kana jumlah klausa jeung posisi klausa katut kecap panyambungna. Hasilna, tina 211 kalimah rangkepan téh kapanggih aya 18 adegan.

Dina kalimah rangkepan ngantét aya 6 adegan, nyaéta adegan I: Kal Ngan DK = + dasar-1 ± panyambung-ngantétkeun + dasar-2 – lentong kapanggih aya 42 kalimah, adegan II: Kal Ngan DK = ± panyambung-ngantétkeun + dasar-1 + dasar-2 – lentong kapanggih aya 3 kalimah, adegan III: Kal Ngan DK = ± panyambung-ngantétkeun + dasar-1 + panyambung-ngantétkeun + dasar-2 – lentong kapanggih aya 4 kalimah, adegan I: Kal Ngan TK = + dasar-1 + dasar-2 + panyambung-ngantétkeun + dasar-3 – lentong kapanggih aya 4 kalimah, adegan II: Kal Ngan TK = + dasar-1 + panyambung-ngantétkeun-1 + dasar-2 + panyambung-ngantétkeun-2 + dasar-3 – lentong kapanggih aya 1 kalimah, jeung adegan III: Kal Ngan TK = ±

Panyambung-ngantétkeun-1 + dasar-1 + dasar-2 ± panyambung-ngantétkeun-2 + dasar-3 – lentong.

Dina kalimah rangkepan sumélér aya 6 adegan, nyaéta adegan I: Kal Sum DK = + dasar + panambah – lentong kapanggih aya 134 kalimah, adegan II: Kal Sum DK = + panambah + dasar – lentong kapanggih aya 50 kalimah, adegan I: Kal Sum TK = + dasar + panambah-1 + panambah-2 – lentong kapanggih aya 18 kalimah, adegan II: Kal Sum TK = + panambah-1 + dasar + panambah-2 – lentong kapanggih aya 6 kalimah, adegan III: Kal Sum TK = + panambah-1 + panambah-2 + dasar – lentong kapanggih aya 1 kalimah, jeung adegan I: Kal Sum CK = + panambah-1 + dasar + panambah-2 + panambah-3 – lentong kapanggih aya 2 kalimah.

Dina kalimah rangkepan campuran ngantét-sumélér aya 6 adegan, nyaéta adegan I: Kal Cam TK = + dasar-1 ± panyambung-ngantétkeun + dasar-2 + panambah – lentong kapanggih aya 2 kalimah, adegan II: Kal Cam TK = + dasar + panambah-1 ± panyambung-ngantétkeun + panambah-2 – lentong kapanggih aya 4 kalimah, adegan III: Kal Cam TK = ± panyambung-ngantétkeun + dasar-1 + dasar-2 + panambah – lentong kapanggih aya 1 kalimah, adegan IV: Kal Cam TK = + panambah + dasar-1 ± panyambung-ngantétkeun + dasar-2 – lentong kapanggih aya 1 kalimah, adegan I: Kal Cam CK = + dasar + panambah-1 + panambah-2 ± panyambung-ngantétkeun + panambah-3 – lentong kapanggih aya 1 kalimah, jeung adegan II: Kal Cam CK = + dasar-1 + panambah-1 + panambah-2 ± panyambung-ngantétkeun + dasar-2 – lentong kapanggih aya 1 kalimah.

*Katilu*, patali harti antarklausa kalimah rangkepan dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022 téh nyoko kana kecap panyambungna anu ngantétkeun klausana.. Hasilna, tina 211 kalimah rangkepan téh kapanggih aya 29 patali harti antarklausa, nyaéta patali harti jumlah kapanggih 26 kalimah, patali harti lalawanan kapanggih 13 kalimah, patali harti pilih kapanggih 6 kalimah, patali harti tumuluy kapanggih 8 kalimah, patali harti sinambung kapanggih 2 kalimah, patali harti waktu kapanggih 36 kalimah, patali harti sarat kapanggih 21 kalimah, patali harti tujuan kapanggih 13 kalimah, patali harti sabab kapanggih 29 kalimah, patali harti akibat kapanggih 2 kalimah, patali harti hasil kapanggih 3 kalimah, patali harti ngaku kapanggih 8 kalimah, patali harti cara kapanggih 7 kalimah, patali harti pertélaan kapanggih 20 kalimah, patali harti

pangécés kapanggih 12 kalimah, patali harti guna kapanggih 34 kalimah, patali harti babandingan kapanggih 1 kalimah, patali harti iwal kapanggih 2 kalimah, patali harti sumélér campuran kapanggih 23 kalimah, jeung 10 patali harti dina masing-masing kalimah campuran ngantét-sumélér.

Ditilik tina unsur-unsur wartana, téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung téh rata-rata geus bener. Saupama ditilik tina métode narjamahkeunana, téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung téh rata-rata ngagunakeun tarjamahan per kecap anu katitén tina adegan kalimah anu nyindekel kénéh kana basa sumber, nyaéta basa Indonésia. Éta hal bisa ngabalukakeun kana tata tulisna, kaasup éjahan jeung tanda baca. Dina téks warta tarjamahan siswa kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung téh réa nyampak kasalahan éjahan, boh dina makéna aksara, nuliskeun kecap, makéna tanda baca, atawa nuliskeun unsur serepan. Sajaba ti éta, aya sababaraha kalimah dina téks warta anu kurang sakecap-dua kecap anu ngabalukarkeun kalimahna henteu gramatis.

## 5.2 Implikasi

Tina hasil panalungtikan, pedaran, jeung kacindekan anu geus dipidangkeun, katitén yén pamahaman ngeunaan adegan basa Sunda téh dibutuhkeun pisan, kaasup pamahaman ngeunaan adegan kalimah rangkepan.

Implikasi anu bisa dilarapkeun téh nyaéta adegan kalimah basa Sunda, hususna kalimah rangkepan pikeun dilarapkeun dina nulis téks warta. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks warta sarta méré gambaran ka guru ngeunaan kamampuh siswa dina nulis téks warta. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan référénsi ngeunaan adegan kalimah, hususna nu ngagunakeun analisis tagmémik.

## 5.3 Rékoméndasi

Aya dua rékoméndasi anu kudu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta:

*Kahiji*, dina ieu panalungtikan téh dipedar ngeunaan adegan kalimah (hususna kalimah rangkepan) anu aya dina téks warta tarjamahan siswa SMA kelas XI. Ku

kituna, perlu aya panalungtikan séjén ngeunaan adegan kalimah anu sumber datana tina tarjamahan siswa sangkan bisa ngukur kamampuh siswa dina ngagunakeun basa Sunda jeung ngamekarkeun pikiranana dina wangun kalimah. Témana ngeunaan kajadian-kajadian di sabudeureunana, utamana nu patali jeung kasundaan. Sajaba ti éta, sumber data bisa mangrupa majalah atawa koran nu ngagunakeun basa Sunda sangkan bisa kaciri sasaruuan jeung bédana téks warta tarjamahan atawa karangan siswa SMA kelas XI jeung téks warta karangan jurnalis atawa jalma umum.

*Kadua*, sanajan ieu panalungtikan téh bisa méré gambaran pikeun guru ngeunaan larapna basa Sunda anu digunakeun ku siswa, tapi saenyana mah ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan murni ngeunaan adegan kalimah anu dianalisis jeung didéskripsikeun dumasar kana wangun, adegan, jeung patali hartina. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén ngeunaan adegan kalimah anu dipatalikeun jeung bahan ajar atawa prosés pangajaran di sakola sangkan bisa nambahan référénsi keur guru-guru di sakola.